



Pou Piblikasyon Imedya: 16/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL FÈ AVANSE PWOGRAM NASYONAL KONSTRIKSYON ENFRASTRIKTI VEYIKIL ELEKTRIK

Chanjman nan pwogram lan pral akselere devlopman enfrastruktir rechaj veyikil elektrik ak estimile yon investisman total 4 milya dola nan enfrastruktir rechaj

Bidjè global pou veyikil elektrik yo ogmante soti nan 701 milyon dola pou rive 1.24 milya dola, kote 372 milyon dola nan finansman an pral sipòte pwogram nan kominote defavorize yo

Chanjman yo vize ogmante adopsyon veyikil elektrik, sitou nan kominote defavorize yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la te fè gwo chanjman nan pwogram "preparasyon" veyikil elektrik New York la pou akselere tranzisyon nan veyikil elektrik zewo emisyon yo. Chanjman jodi a fèt pou akselere devlopman enfrastruktir rechaj veyikil elektrik pou konbat enkyetid sou distans epi asire Nouyòkè yo gen aksè a rechaj veyikil pratik ak fyab. Konbine, pwogram yo anonse jodi a ta dwe estimile 4 milya dola nan investisman total nan enfrastruktir rechaj veyikil elektrik. Deplizanpli Nouyòkè ap itilize veyikil elektrik chak jou, avèk 175,000 veyikil elektrik oswa ibrid rechajab sou wout la jodi a, ak apeprè 3 milyon yo prevwa pou 2030.

"Pou atenn objektif klimatik nasyonal nou yo nan peyi a, New York ap ankouraje tranzisyon nou pou yon avni transpò pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Plis Nouyòkè ap fè chanjman nan veyikil elektrik, epi n ap travay di pou konstwi enfrastruktir rechaj aksesib atravè eta a. Amelyorasyon nan pwogram yo anonse jodi a pral ankouraje plis moun pou yo posede veyikil elektrik sa k ap ede konstwi yon avni pwòp ak dirab".

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la Rory M. Christian te deklare, "PSC rekonèt enpòtans elektrifikasyon sektè transpò a pou atenn objektif klimatik Eta New York yo. Pou fè avanse objektif sa yo, PSC te adopte politik pou ankouraje devlopman enfrastruktir rechaj veyikil elektrik, epi desizyon jodi a fè avanse pwogram nasyonal nou yo sou veyikil elektrik".

Chanjman Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) apwouve yo genyen ladan yo ogmantasyon Pwogram Preparasyon Veyikil Elektrik ki finanse pa mwayen kontribitè yo soti nan 701 milyon dola rive nan 1.24 milya dola, avèk 372 milyon dola nan finansman pou sipòte pwogram nan kominote defavorize yo, yon gwo ogmantasyon nan bidjè pa rapò ak bidjè 206 milyon dola anvan an. Ogmantasyon bidjè a te gen ladann elaji objektif pwogram rechaj rapid kouran dirèk la soti 1,500 a 6,302 estasyon rechaj, ansanm ak pi wo nivo ankourajman pou akselere konstriksyon enfrastrikti rechaj veyikil elektrik atravè New York.

Investisman nan kominote defavorize yo te ogmante a 81 pousan pou 372 milyon dola atravè plizyè pwogram, sa ki te asire tout Nouyòkè yo benefisye investisman nan transpò pwòp. Desizyon jodi a te entwodui yon nouvo pwogram inovatè pou preparasyon pou mikwo-mobilite, ki sipòte enfrastrikti rechaj pou bisiklèt elektrik, eskoutè elektrik ak lòt fòm mobilite elektrik nan kominote ki defavorize atravè New York.

Jodi a tou, bidjè pilòt pou preparasyon veyikil pwa mwayen ak lou ki fèt pou kliyan komèsyal yo te plis pase double a 58 milyon dola, ansanm ak plis fleksibilite pou aplikan yo konsènan depans ak machin ki elijib yo, ki vize rediksyon emisyon nan kominote ki defavorize yo. PSC espere modifikasyon pilòt pou preparasyon veyikil pwa mwayen ak lou yo pral debloke investisman nan sektè enpòtan sa a, epi li pral jenere eksperyans enpòtan pou pwopriyete flòt yo ak sèvis piblik yo, paske Komisyon an konsidere bezwen pwogram ki pi laj nan yon pwosedi separe.

Finalman, PSC te apwouve nouvo tarif ak pwogram benefik pou kliyan komèsyal ki chaje veyikil elektrik yo nan yon lòd separe. Dapre nouvo pwogram yo, rechaj komèsyal veyikil elektrik yo pral elijib pou rabè oswa sibvansyon jiska 50 pousan nan depans pou chaj demann sou bòdwo livrezon yo. Kliyan komèsyal ki chaje veyikil elektrik nan pati sid eta New York yo pral elijib tou pou patisipe nan nouvo pwogram chaj jere yo pou debloke plis ekonomi ki benefik tou pou rezo a. Pwogram rechaj pati komèsyal yo jere toujou ap devlope nan nò eta New York epi yo prevwa y ap disponib an 2024.

Vis Prezidan Politik Piblik nan Lyft, Caroline Samponaro, te deklare, "Elektrifye rezo transpò nou an se yon etap enpòtan nan ede ranvèse enpak negatif chanjman klimatik yo, yon objektif nou pataje ak Eta New York. Se poutèt sa investisman yo ap fè isit la jodi a yo tèlman enpòtan. Yo pral ede elimine baryè prensipal yo pou adopsyon veyikil elektrik toupatou, pandan y ap pèmèt nou tou chaje bisiklèt elektrik Citi Bike nan lari a. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Depatman Sèvis Piblik pou lidèchip yo sou pwoblèm enpòtan sa a".

Prezidan ak Direktè Egzekitif CALSTART, John Boesel, te deklare, "Anons Gouvènè Hochul jodi a trase wout la pou yon tranzisyon konplè nan transpò elektrifye, pwogram New York ki nouvo ak amelyore yo pral pote benefis transpò pwòp bay plis chofè, flòt, ak kominote yo, avèk yon atansyon ki nesese anpil sou founi aksè elaji ak lè pi pwòp pou kominote defavorize yo".

Direktè Jesyon Resous ak Kapital Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) la, Shaan Mavani, te deklare, "Chanjman sa yo Gouvènè Hochul ak PSC te anonse yo enpòtan anpil pou reyalizasyon inisyativ mikwo-mobilite ak rechaj veyikil elektrik ke NYCHA ap pilote oswa eksplòre, pou benefisye rezidan NYCHA yo ak pi gwo kominote alantou pwopriyete nou yo, epi pou nou kontribiye nan Eta a ak plan anbisyè pou chaje veyikil elektrik ak pou klima Vil la".

Direktè Egzekitif Jeneral ak ko-fondatè Revel, Frank Reig, te deklare, "Gouvènè Hochul te louvri pòt pou veyikil elektrik yo nan New York, epi avèk yo, li pote yon pwomès pou yon avni pi pwòp pou eta nou an, Revel ap pote pi gwo rezo enfrastrikti piblik rechaj rapid nan kominote yo ki pral benefisye pi plis nan veyikil elektrik zewo emisyon yo. Nouvo pwogram konstriksyon Gouvènè a asire angajman nou an vè Vil New York ap gen siksè".

Ko-fondatè ak Prezidan Livingston, Jason Zarillo, te deklare, "Livingston Energy Group bat bravo pou Gouvènè a ak PSC pou angajman kontinyèl yo pou ankouraje adopsyon veyikil elektrik. Nou pran angajman pou deplwaye enfrastrikti veyikil elektrik ki nesèsè yo epi nou investè plizyè dizèn milyon dola nan yon etablisman fabrikasyon dènye modèl, ansanm ak ajoute plis pase yon santèn anplwaye nan lokal New York nou yo. Nou te enstale plizyè milye chajè atravè New York, kote anpil nan kliyan nou yo pwofite avantaj pwogram preparasyon (Make Ready) an. Se pwogram tankou sa a ki pèmèt konsomatè yo santi yo gen konfyans nan achte veyikil elektrik yo".

Direktè Estrateji Modènizasyon Rezo a nan Environmental Defense Fund, Pamela MacDougall, te deklare, "Nou felisite Gouvènè Hochul ak Komisyon Sèvis Piblik la paske yo kontinye priyorize rechaj veyikil yo ak elaji siyifikativman aksesibilite fon yo nan kominote defavorize yo. Agrandisman fon pou chaje veyikil elektrik yo solidifye plis New York kòm yon lidè nasyonal nan sipòte tranzisyon nan veyikil elektrik, yon etap nesèsè pou atenn objektif klimatik anbisyè eta a. Environmental Defense Fund pral kontinye sipòte Eta a atravè pwochen etap ki nesèsè yo nan aplike ak elaji enfrastrikti rechaj veyikil pwa mwayen ak pwa lou yo".

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwent pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 55 milya dola nan 145 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase

3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

Ou kapab jwenn desizyon jodi a lè ou ale nan seksyon Dokiman Komisyon an sou sitwèb Komisyon an nan www.dps.ny.gov epi antre Nimewo Dosye 18-E-0138 [Ekipman ak Enfrastrikti Apwovizyonman Veyikil Elektrik] ak 22-E-0236 [Altènativ pou Estrikti Tarif Tradisyonèl ki Baze sou Demann pou Rechaj Veyikil Elektrik Komèsyal] nan zòn pou ajoute ki gen tit "Search for Case/Matter Number" (Rechèch Nimewo Dosye / Kontni). Anpil bibliyotèk ofri aksè entènèt gratis. Ou ka jwenn dokiman Komisyon yo tou nan Commission's Files Office (Biwo Dosye Komisyon an), 14th floor, Three Empire State Plaza, Albany, NY 12223 (518-474-2500). Si ou gen difikilte pou konprann anglè, tanpri rele nou nan 1-800-342-3377 pou sèvis asistans lang gratis konsènan kominike laprès sa a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)